



LAPÈS PÒSIN AFRIKEN



DEKLARE KOCHON MALAD YO
866-536-7593

Lapès Pòsin Afriken se yon viris ki afekte ni kochon domestik ni kochon sovaj yo. Li gaye byen rapid e li tiye majorite kochon ki genyen l yo. Yo pa t janm jwenn maladi sa a Ozetazini. Li pa yon menas pou sante moun. Li pa yon pwoblèm pou sekirite alimantè.

Moun kapab genyen lapès pòsin Afriken, men yo ka pote li sou rad, soulye, ak ekipman yo. Yon epidemi Ozetazini t ap gen gwo efè sou ekonomi endistri pòsin nan.

Ede nou kenbe kochon Ozetazini yo lwen maladi mòtèl sa a!


Konprann kòman viris la gaye, epi jwe patisyon pa w pou pwoteje kont li.

**Plis enfòmasyon:
www.aphis.usda.gov**

Lapès Pòsin Afriken

Deklare Kochon Sovaj

Pòsin sovaj kapab pote maladi bèt etranje tankou lapès pòsin Afriken. Pliske yo pa t janm jwenn maladi sa a lakay kochon domestik oswa kochon sovaj Ozetazini, pa genyen tretman ni vaksen pou li. Se pou sa siveyans lan enpòtan anpil. Ede nou pwoteje kochon Etazini yo pandan w ap deklare touswit kochon sovaj ki malad oswa ki mouri.



Kisa pou w fè

- Si ou jwenn yon kochon sovaj ki malad oswa mouri san okenn blesi oswa koz lanmò, deklare li touswit.
- Rasire w ou note ki kote ou wè sa.
- Pa deranje kakas la oswa pa pwoche yon bèt malad.
- Si pa gen risk nan sa, verifye zòn pou wè si gen lòt kochon ki malad oswa ki mouri.

Kòman Pou Deklare

Rele pwogram Sèvis Pwoteksyon Bèt Sovaj Depatman Agrikilti Etazini nan Eta w la nan 866-4-USDA-WS. Pa rete tann! Deteksyon rapid esansyèl pou anpeche lapès pòsin Afriken an gaye.